

KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ ISINING TEKS SĒRAT KĀLĀMĀNGSĀ


RINGKĒSAN SKRIPSI

Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jêjangkêping Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



déning
Anggirina Desy Isnianti
NIM 14205241068

Yogyakarta, 4. Juli 2018
Pembimbing,


Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ ISINING TEKS SÊRAT KÂLÂMÂNGSÂ

**Déning : Anggirina Desy Isnianti
NIM 14205241068**

Pembimbing: Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

SARINING PANALITÈN

Panalitèn mênika ngêwrat pitung ancas panalitèn. Ancasing panalitèn mênika kanggé: ngandharaken *inventarisasi naskah Sêrat Kâlâmângsâ*, ngandharakên *deskripsi naskah sâhâ teks Sêrat Kâlâmângsâ*, ndamêl *transkripsi teks Sêrat Kâlâmângsâ*, ndamêl *transliterasi teks Sêrat Kâlâmângsâ*, ndamêl *suntingan teks Sêrat Kâlâmângsâ*, ndamêl *terjemahan teks Sêrat Kâlâmângsâ*, sâhâ ngandharakên isining *teks Sêrat Kâlâmângsâ*.

Panalitèn mênika ngginakakên *metode panalitèn deskriptif sâhâ metode panalitèn filolog modern. Sumber data panalitèn mênika, inggih teks Sêrat Kâlâmângsâ koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta. Teknik ngêmpalakên data ing panalitèn mênika ngginakakên lampahing panalitèn filologi modern inggih mênika inventarisasi naskah, deskripsi naskah, transkripsi teks, transliterasi teks, suntingan teks, terjemahan teks, sâhâ pangrêmbaging isining teks. Analisis data ngginakakên teknik analisis deskriptif. Validitas ingkang dipunginakakên, inggih mênika validas semantik. Reliabilitas ingkang dipunginakakên, inggih mênika reabilitas intrarettter sâhâ intreretter.*

Asiling panalitèn mênika ngandharakên pitung bab, sapisan inggih mênika katêmtokakên satunggal *eksemplar naskah Sêrat Kâlâmângsâ*, ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta. Kaping kalih, *deskripsi naskah Sêrat Kâlâmângsâ* kawontênanipun taksih saé, wêtah, sêratanipun taksih sagêd dipunwaos kanthi cêthâ. Kaping tigâ, *transkripsi naskah Sêrat Kâlâmângsâ* dipungarap kanthi nyêrat malih *naskah Sêrat Kâlâmângsâ* mawi aksârâ Jâwâ ingkang kasêrat carik, kados mênâpâ wontênipun kanthi *metode transkripsi diplomatik*. Kaping sakawan, *transliterasi teks Sêrat Kâlâmângsâ* dipungarap kanthi ngêwahi sêratan aksârâ Jâwâ dhatêng aksârâ Latin adhêdhasar *ejaan* ingkang limrah, kanthi *metode transliterasi standar*. Kaping gangsal, *suntingan teks Sêrat Kâlâmângsâ* dipungarap kanthi ngginakakên *metode suntingan standar*, déné sadâyâ éwah-éwahaning *suntingan teks* dipunandharakên ing *aparatur kritik*. Kaping ênêm, *terjemahan teks Sêrat Kâlâmângsâ* dipungarap kanthi ngginakakên *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi, sâhâ terjemahan bebas*. Sadâyâ *metode terjemahan* dipunginakakên kanthi *kontekstual*. Kaping pitu, isining *teks Sêrat Kâlâmângsâ* wontên kalih, inggih mênika (1) têngesipun Kâlâmângsâ sâhâ (2) jinising piwulang gêsang inggih mênika piwulang paugêran gêsang, paréntah maguru, paédah ngêlmi, sâhâ sangkan paraning dumadi.

Pamijining Tembung: ***Filologi, Isi, Sêrat Kâlâmângsâ***

I. PURWAKA

Sêrat Kâlâmangså inggih mênika salah satunggaling *naskah* ingkang ngêwrat piwulang paugêran gêsanging masarakat. Isining piwulang *Sêrat Kâlâmangså* mênika sagêd kawaos saking kadospundi gambaraning tumindak utawi sipating manungså, såhå kadospundi manungså kêdah nglampahi gêsang ing mångså ingkang dipungambarakên. Ngéngingi bilih *naskah Sêrat Kâlâmangså* mênika ngêwrat manéka warni piwulang saking piwulang gêsang, piwulang agami, piwulang *sosial*, såhå taksih kathah sanèsipun satêmah sêrat mênika kêdah dipunlêstantunakên.

Kajawi mênika panalitèn *naskah* Jåwå minångka salah satunggaling upåyå kanggé nguri-uri asiling kabudayan Jawi ingkang kasunyatanipun taksih kathah têtilaran *naskah* ingkang dèrèng katampi déning wiranèm jaman samênika. Jumbuh kaliyan andharan sadèrèngipun, kathah priyantun ingkang dèrèng ngawuningani isining *Sêrat Kâlâmangså*, kamångka *Sêrat Kâlâmangså* mênika ngêwrat isi ingkang kathah.

Sêrat Kâlâmangså ing salêbêtipun ngandharakên bilih *Sêrat Kâlâmangså* mênika minångka sambêtan saking *Sêrat Kålåtidhå* anggitanipun Raden Ngabehi Ranggawarsita. *Sêrat Kålåtidhå* inggih mênika sêrat ingkang ngêwrat satunggaling gambaran masarakat Jawi nalika nglampahi jaman édan. Wondéné isinipun *Sêrat Kâlâmangså* inggih mênika botên têbih saking isinipun *Sêrat Kålåtidhå*, inggih mênika piwulang kanggé nglampahi jaman édan amargi ngrêmbakaning jaman utawi majêngipun jaman, inggih mênika jaman ingkang kêdah dipundandosi malih. Pramila piwulang ingkang kados mêkatên prêlu dipuntaliti.

Panalitèn mênika dipuntindakakên supados isining *naskah* sagêd têtêp lêstantun. Botên sakêdhik *naskah* ingkang dipunwarisi déning pårå wiranèm jaman samênika nanging kawontênanipun sampun rusak (Ikram, 1981: 79). Ngéngingi bilih *Sêrat Kâlâmangså* mênika danguning-dangu sagêd rusak såhå taksih kathah wiaranèm ingkang dèrèng ngawuningani isinipun. Panalitèn mênika salah satunggaling cârå kanggé nglêstantunakên *teks Sêrat Kâlâmangså*.

Naskah ingkang dipundadosakên *sumber* panalitèn *filologi* mênika inggih mênika *naskah* ingkang dipunsimpên wontên ing *perpustakaan* Dewantara Kirti Griya Taman Siswa kanthi irah-irahan *Sêrat Kâlâmangså*. *Naskah* dipunpaggihakên satunggal *eksemplar* kanthi *kode koleksi* BB. I. 116. Adhêdhasar sadâyå andharan ing nginggil, panalitèn *Kajian Filologi* sårå isining *Teks Sêrat Kâlâmangså* mênika naliti kawontênaning *naskah*, sårå isinipun *naskah* kanthi ngginakakên lampahing panalitèn *filologi* inggih mênika *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, *alih tulis*, *suntingan teks*, *parafrase*, *terjemahan* sårå *analisis* isining teks.

II. GÊGARAN TEORI

A. Filologi

Suryani (2011: 2) ngandharakên têngêsipun têngbung *filologi* inggih mênika ‘rêmên têngbung’, utawi ‘rêmên wicantênan’. Salajêngipun, danguning dangu têngbung *filologi* mênika têngêsipun dados ‘rêmên sinau’, ‘rêmên ngèlmi’, ‘rêmên sastra’, sårå ‘rêmên budâyå’ (Baroroh-Baried, 1985: 1). Miturut Mulyani (2014: 1), *filologi* inggih mênika satunggaling *disiplin* ngèlmi ingkang wontên gayutipun kaliyan *studi* saking asiling budâyå (wohing pamikir, raos, kapitadosan, adat, sårå *nilai-nilai* ingkang dipunginakakên déning masarakat kanthi turun tumêdhak) tiyang wontên ing jaman rumiyin.

B. Naskah

Naskah mênika sadâyå *bahan* sêratan tangan tilaran pårå lêluhur ingkang sinêrat ing dluwang, lontar, kulit kajêng, sårå rotan (Djamaris, 2002: 3). Salajêngipun, miturut Robson (1994: 26), *naskah* inggih mênika sadâyå *bahan* sêratan carik.

C. Teks

Miturut Mulyani (2014: 2), *teks* inggih mênika rêroncèning têtêmbungan ingkang arupi waosan mawi isi tartamtu utawi isi *naskah* utawi andharan ingkang ing salêbêtipun wontên *informasi* ngéngingi bab kabudayan satunggaling bangsa rikålå jaman rumiyin ingkang dipunwahyakakên awujud *lisan* utawi sêratan.

D. Inventarisasi Naskah

Miturut Djamaris (Iumantar Mulyani, 2014: 37), *inventarisasi naskah* inggih mênikå ndamêl sadâyå *data naskah* ingkang dipunpanggihakên, sagêd kanthi *studi katalog* utawi ningali *langsung* wontên ing *perpustakaan-perpustakaan pérangan pernaskahan*. Miturut Djamaris (2002: 10) *inventarisasi naskah* sagêd katindhakakên kanthi *metode studi katalog* sâhå ningali piyambak wontên ing papan panyimpêning *naskah*.

E. Deskripsi Naskah sâhå Teks

Salajêngipun *deskripsi naskah*, inggih mênikå ngandharakên kawontênaning *naskah* ingkang *fisik* sâhå *non fisik (teks)* kanthi sêtitî sâhå dipunandharakên kanthi *rinci* sâhå cêthå (Mulyani, 2014: 38).

F. Transkripsi

Miturut Mulyani (2014: 30), *transkripsi* inggih mênikå *alih tulis naskah* mawi aksårå ingkang sami kaliyan aksårå *naskah* ingkang dipun-*alih tulis*.

G. Transliterasi

Transliterasi miturut Baroroh-Baried (1985: 65), inggih mênikå nggantos jinising sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang bédå.

H. Suntingan Teks

Miturut Fathurahman (2015: 88) *suntingan teks* inggih mênikå ndamêl *edisi teks* ingkang sagêd dipunwaos kanggé masarakat. Éwahing têmbung ing *suntingan teks* dipunandharakên kanthi ndamêl *aparât kritik*.

I. Aparat kritik

Aparât kritik inggih mênikå tanggêl jawab *ilmiah* saking *kritik teks* ingkang isinipun waosan ingkang dèrèng lêrês wontên salêbêting *suntingan teks* ingkang sampun rêsik saking *korup* (Mulyani, 2014: 43).

J. Terjemahan

Miturut Mulyani (2014: 47), *terjemahan adalah penggantian bahasa dari bahasa sumber (basu) ke dalam bahasa sasaran (basa) atau pemindahan makna dari bahasa sumber ke bahasa sasaran*. Saking andharan kasebut sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *terjemahan* inggih mênikå nggantos bâsaning *naskah* ingkang dipuntaliti dados bâså ingkang dipunmangrêtos déning masarakat ing jaman samênikå.

III. CĀRĀ PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn

Panalitèn mênikå kalêbêt panalitèn jinis *deskriptif* sâhå panalitèn *filologi modern*. Panalitèn *deskriptif* inggih mênikå satunggaling *metode* ingkang dipunginakakên kanggé naliti *objek* utawi *sumber data* panalitèn kanthi ancas kanggé ndamêl *deskripsi*, gambaran kanthi *objektif*, ingkang gayut kaliyan *fakta*, sâhå gayuting antawisipun *unsur-unsur*-ipun (Kaelan, 2005: 58). Wontên ing panalitèn mênikå dipunginakakên kanggé ndamêl *deskripsi* utawi andharan kawontênaning *teks Sêrat Kålâmangså* kanthi *objektif* ingkang ngêwrat piwulang gêsang. Panalitèn *filologi* dipunginakakên kanggé nggarap *naskah* ingkang ngêwrat *teks Sêrat Kålâmangså* mênikå. CĀRĀ panalitèn ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih mênikå *filologi modern*. Adhêdhasar katrangan ingkang dipunandharakên ing nginggil, panalitèn mênikå dipungarap kanthi panalitèn *filologi*.

B. Sumber Data Panalitèn

Naskah sâhå *teks Sêrat Kålâmangså* ingkang dipundadosakên *sumber data* wontên panalitèn mênikå inggih mênikå ingkang dipunpanggihakên wontên *perpustakaan* Dewantara Kirti Griya Taman Siswa mawi sêratan cithak.

C. Teknik Ngêmpalakên Data

Teknik anggènipun ngêmpalakên *data* wontên panalitèn mênikå dipunlampahi kanthi *studi* katalog sâhå ningali piyambak wujudipun *naskah Sêrat*

Kâlamângsâ wontên papan panyimpêning *naskah*. Garapaning panalitèn kanggé ngêmpalakên *data* ing panalitèn mênikâ ngginakakên *langkah kerja* panalitèn *filologi* inggih mênikâ *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah* sâhâ *teks*, *transkripsi*, *transliterasi*, *suntingan*, *terjemahan teks*, sâhâ *analisis* isining *teks*.

D. Instrumen Panalitèn

Instrumen panalitèn mênikâ awujud kêrtu *data*. Kêrtu *data* mênikâ dipunginakakên kanggé nyathêt (1) asiling *deskripsi naskah Sêrat Kâlamângsâ*, (2) asiling *transliterasi teks Sêrat Kâlamângsâ* sâhâ asiling *suntingan teks Sêrat Kâlamângsâ*, (3) asiling *suntingan teks Sêrat Kâlamângsâ* sâhâ asiling *terjemahan teks Sêrat Kâlamângsâ*, (4) asiling *aparatur kritik teks Sêrat Kâlamângsâ*, sâhâ (5) *ajaran moral* utawi *piwulang Sêrat Kâlamângsâ*.

E. Teknik Analisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ, inggih *analisis deskriptif*. *Analisis deskriptif* inggih mênikâ *analisis* ingkang wujudipun andharan-andharan utawi gambaran ingkang cêtha lumantar *indikator*-ipun. Rêroncèning *analisis data* miturut Kaelan (2005: 69-70), inggih mênikâ *reduksi data*, *klasifikasi data*, *display data*, sâhâ *pendeskripsian*.

Validitas data ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ inggih *validitas semantik*, amargi *sumber data*-nipun awujud têmbung sâhâ *kelompok têmbung*. *Validitas semantik* wontên panalitèn mênikâ dipunginakakên kanggé mangrêtosni maknaning *data* ingkang awujud têmbung sâhâ klompoking têmbung ingkang gayut kaliyan *konteks*-ipun. *Reliabilitas* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ inggih *reliabilitas intrarettor* sâhâ *reliabilitas interrater*.

IV. ASILING PANALITÈN SÂHÂ PANGRÊMBAGIPUN

A. Inventarisasi Naskah Sêrat Kâlamângsâ

Inventarisasi Naskah Sêrat Kâlamângsâ mênikâ katindakakên kanthi *studi katalog* sâhâ ningali piyambak wotên ing papan panyimpêning *naskah* kadospundi kawontênaipun. Asiling *studi katalog* kanthi ngginakakên sadâyâ *katalog* ingkang dipunsêbutakên ing *bab 3*, katêmtokakên satunggal *eksemplar*

ingkang kasêrat wontên ing *Buku Daftar koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta* kanthi nomêr kode koleksi BB. I. 116.

B. Deskripsi Naskah Sêrat Kâlâmangså sâhå Pangrêmbagipun

Deskripsi naskah Sêrat Kâlâmangså mênikå dipuntindakakên kanthi ningali kawontênaning *naskah* wontên ing papan panyimpêning *naskah*. *Deskripsi naskah* mênikå paédahipun kanggé manggihakên katrangan ingkang cêthå ngéngingi kawontênanipun *naskah* samênikå.

Irah-irahaning *naskah* ingkang dipundadosakên *objek* panalitèn inggih mênikå Kâlâmangså. Irah-irahaning *naskah* mênikå dipunsêrat ngginakakên aksårå Jåwå wujudipun mbåtå sarimbag. Wondéné *naskah Sêrat Kâlâmangså* kasimpên wontên ing *perpustakaan Dewantara Kirti Griya Tamansiswa* mawi sêratan cithak sâhå nomêr kode koleksi B.B. I. 116. *Naskah Sêrat Kâlâmangså* dipunsêrat déning I Ing Tjiang. *Naskah* dipunsêrat nalikå taun 1926 wontên ing Blitar, dados umur *naskah* samênikå sampun 92 taun.


Kawontênaning *naskah Sêrat Kâlâmangså* mênikå taksih saé. Pérangan jilidanipun dipundondomi ngginakakên bolah, ananging lêmbat-lêmbaring dlancang sampun sami pêthil utawi ucul saking jilidanipun. Kawontênan dlancang ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks Sêrat Kâlâmangså* sampun sapérangan ingkang sami bolong amargi dipunpangan rêngêt. Kawontênaning samak *luar* sampun sami pating ndlêmok mbêkas kados kênging toyå.

Jinis *bahan naskah* ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *naskah Sêrat Kâlâmangså* inggih mênikå dlancang. Dlancangipun warnipun soklat. Samak *luar naskah Sêrat Kâlâmangså* ngginakakên jinis *bahan karton* kandêl. Wondéné samak *dalam naskah* ngginakakên dlancang warni putih radi soklat.

Ukuraning *naskah Sêrat Kâlâmangså* panjang sâhå lebar-ipun inggih mênikå 22 x 14,5 cm. Wondéné ukuraning *teks Sêrat Kâlâmangså* panjang sâhå lebar-ipun inggih mênikå 21,5 x 14 cm. *Teks Sêrat Kâlâmangså* kasêrat mawi aksårå Jåwå cithak. Sikaping aksaranipun inggih mênikå jêjêg, nanging sapérangan wontên ingkang kasêrat dhoyong nêngên.

C. Transkripsi Teks Sêrat Kâlâmangsâ

Transkripsi teks Sêrat Kâlâmangsâ ngginakakên metode transkripsi diplomatik, inggih mênikâ ndamêl alih tulis sêrataning teks kados mênâpâ wontênipun, inggih mênikâ kados déné sêrataning teks aslinipun kanthi aksârâ ingkang sami. Ananging, wontên ing panalitèn mênikâ panyêrat botên sagêd njumbuhakên wujud aksârâ kados wujuding aksârâ (*font*) ing salêbêting *naskah Sêrat Kâlâmangsâ*, awit *font* sêratan tangan panyêrat botên sagêd nyêrat kados sêratan cithak. Wondéné wujud transkripsi teks Sêrat Kâlâmangsâ ing ngandhap mênikâ.



Gambar 1: Tuladhâ Transkripsi Teks

D. Transliterasi sâhâ Suntingan Teks Sêrat Kâlâmangsâ

Transliterasi inggih mênikâ nggantos jinis sêrataning teks mawi aksârâ ingkang bédâ kaliyan aksaraning teks aslinipun. Transliterasi teks Sêrat

Kâlamangsâ ngginakakên *metode transliterasi standar*. *Suntingan teks* inggih mênika nglêrêsakên sêrataning *teks* ingkang lêpat adhêdhasar *Bausastra Jawa sâhâ ejaan* bâsâ Jawi. Wondéné tuladhâ asiling *transliterasi sâhâ suntingan teks*-ipun kados ing ngandhap mênika.

Tabel 1: Asiling Transliterasi Standar sâhâ Suntingan Teks Sêrat Kâlamangsâ

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
// wus ⁶ lêpdâ pamawasirâ / mring kridhaning sabarang kang dèn pardi / mumpuni saliring kawruh / saking jroning pamawas / waskithané tan kêtung malah kasingkur / kur anggêré bisâ mangsâ / tan mawi watoné tapis /- /	// wus ⁶ lê{b}dâ pamawasirâ / mring kridhaning sabarang kang dèn pardi / mumpuni saliring kawruh / saking jroning pamawas / waskithané tan kêtung malah kasingkur / kur anggêré bisâ mangsâ / tan mawi watoné tapis /- /

E. Terjemahan Teks Sêrat Kâlamangsâ

Terjemahan Teks Sêrat Kâlamangsâ wontên ing panalitèn mênika ngginakakên tigang *metode terjemahan* inggih mênika *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi*, sâhâ *terjemahan bebas*. Wondéné tuladhâ asiling *terjemahan teks Sêrat Kâlamangsâ* kasêratakên wontên tabel ngandhap mênika.

Tabel 2: Asiling Suntingan sâhâ Terjemahan Teks Sêrat Kâlamangsâ

Suntingan Standar	Terjemahan
// wus lêbdâ pamawasirâ / mring kridhaning sabarang kang dèn pardi / mumpuni saliring kawruh / saking jroning pamawas / waskithané tan kêtung malah kasingkur / kur anggêré bisâ mangsâ / tan mawi watoné tapis /- /	// sudah terbuka pengetahuanmu / terhadap semua perbuatan yang engkau tekuni / menguasai pengetahuan / dari dalamnya pemahaman / cermatnya tidak terhitung malah terabaikan / sebatas hanya bisa mencari / tidak menggunakan aturan yang benar /- /

F. Pangrêmbaging Isining Teks Sêrat Kâlamangsâ

Isining *teks Sêrat Kâlamangsâ* ingkang dipunpérang dados kalih inggih mênika têngêsipun *Kâlamangsâ sâhâ jinising piwulanag gêsang*. Jinising piwulang gêsang ing panalitén mênika dipunpérang dados sakawan inggih mênika paugêran gêsang, paréntah maguru, paédah ngèlmi, sâhâ sangkan paraning dumadi.

Kâlamangsâ têngêsipun inggih mênika ‘mangsâ, waktu, kâlâ-kâlâ, ora ajêg’ (Poerwadarminta, 1939: 182) inggih punika mangsâ ingkang mahyakakên kaanan

ingkang bédå-bédå ing satunggaling jaman. Wondéné wontên ing *Sêrat Kålåmångså* mênika wontên sapérangan mångså utawi jaman ingkang dipunsêbutakên, inggih mênika kâlåbêndu, kâlålulut, sâhå kâlådumêling.

Salah satunggaling piwulang ingkang gayutipun kaliyan paugêran gêsang kaandharakên ing ngandhap mênika.

1. Paugêran gêsang

Miturut Darminto, dkk (2010: 547) paugêran inggih mênika wêwaton utawi patokan. Dados paugêran gêsang inggih mênika patokan ingkang dipunginakakên nglampahi gêsang. Miturut Sudrajat (2013: 28) ancasipun *aturan* utawi paugêran inggih mênika minangka *petunjuk* kanggé manungså supados botên susur anggênipun lêlampahan anggayuh ancasing ngagêsang. Wondéné paugêran gêsang ingkang dipunpanggihakên wontên ing salêbêting *teks Sêrat Kålåmångså* kaandharakên ing ngandhap mênika.

1) Dados tiyang ingkang waskithå

/ waskithané tan kêtung malah kasingkur / kur anggêré biså mångså / tan mawi watoné tapis /-/: cermatnya tidak terhitung malah terabaikan / sebatas hanya bisa mangsa / tidak menggunakan aturan secara menyeluruh /-/

Pêthikaning sêkar ing nginggil nêdahakên bilih tiyang gêsang kêdah dados tiyang ingkang waskithå. Waskithå inggih mênika salah satunggaling sipat ingkang utami. Waskithå inggih mênika ‘awas’, ‘biså wêruh marang prakåra sing sinamar (batining wong lsp). Tiyang waskithå inggih mênika tiyang ingkang sagêd mangrêtosni kaanan tiyang sanès utawi tanggap dhumatêng kawontênanipun tiyang sanès.

Sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih tiyang kêdah dados tiyang ingkang waskithå, awit manawi tiyang mênika gadhah sipat waskithå satêmah sagêd mranåtå pangandikanipun supados botên mranani panggalih tiyang sanès. Bab mênika ndadosakên rukun ing antawising masarakat sâhå sagêd nêbihakên saking padudon.

V. PANUTUP

A. Dudutan

1. Inventarisasi Naskah Sêrat Kâlâmangså

Inventarisasi naskah Sêrat Kâlâmangså dipunlampahi kanthi *studi katalog*, ningali langsung kawontênanipun *naskah*, sâhå *katalog online*. Asiling *studi katalog* katêmtokakên satunggal *eksemplar*. Inggih mênikå asiling *inventarisasi naskah* adhêdhasar *pengamatan* langsung *naskah Sêrat Kâlâmangså* kapanggihakên ing *Buku Daftar Koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa*.

2. Deskripsi Naskah Sêrat Kâlâmangså

Irah-irahaning *naskah* ingkang dipundadosakên *objek* panalitèn inggih mênikå Kâlâmangså. Irah-irahaning *naskah* mênikå dipunsêrat ngginakakên aksårå Jåwå wujudipun mbåtå sarimbag. Wondéné *naskah Sêrat Kâlâmangså* kasimpên wontên ing *perpustakaan Dewantara Kirti Griya Tamansiswa* mawi sêratan cithak sâhå nomêr *kode koleksi* B. B. I. 116. *Naskah Sêrat Kâlâmangså* dipunsêrat déning I Ing Tjiang. *Naskah* dipunsêrat nalikå taun 1926 wontên ing Blitar.

Kawontênaning *naskah Sêrat Kâlâmangså* mênikå taksih saé. Pérangan jilidanipun dipundondomi ngginakakên bolah, ananging lêmbat-lêmbaring dlancang sampun sami pêthil utawi ucul saking jilidanipun. Kawontênan dlancang ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks Sêrat Kâlâmangså* sampun sapérangan ingkang sami bolong amargi dipunpangan rêngêt. Kawontênaning samak *luar* sampun sami pating ndlêmok mbêkas kados kênging toyå.

3. Transkripsi Teks Sêrat Kâlâmangså

Transkripsi teks Sêrat Kâlâmangså ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*, inggih mênikå ndamêl *alih tulis* sêrataning *teks* kados mênåpå wontênipun, inggih mênikå kados déné sêrataning *teks* aslinipun kanthi aksårå ingkang sami. Wontên ing panalitèn mênikå panyêrat botên sagêd ngêtrêpakên wujud aksårå kados wujud ing aksårå (*font*) ing salêbêting *naskah Sêrat Kâlâmangså*.

4. Transliterasi sâhâ Suntingan Teks Sêrat Kâlâmangsâ

Transliterasi teks Sêrat Kâlâmangsâ ngginakakên *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* inggih mênikâ anggênipun damêl *alih tulis sêrataning teks* kanthi adhêdhasar *ejaan* ingkang sampun dipunsampurnakakên utawi ingkang dipunsebut *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)*.

Suntingan teks wontên ing panalitèn mênikâ ngginakakên *suntingan standar*. Lampahing damêl *suntingan teks* wontên ing panalitèn mênikâ dipuntindakakên kanthi cârâ nglêrêsakên kalêpataning *teks* kanthi nambahi, ngirangi, sâhâ nggantos aksaraning *teks*, wandâ, mênâpâ déné têmbung wontên *teks* kanthi *kontekstual*. Sasampuning *suntingan teks* kalampahan, salajêngipun ndamêl cathêtan éwah-éwahing *teks* sâhâ andharanipun ing *aparât kritik*.

5. Terjemahan Teks Sêrat Kâlâmangsâ

Terjemahan teks Sêrat Kâlâmangsâ wontên ing panalitèn mênikâ ngginakakên tigang *metode terjemahan* inggih mênikâ *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi*, sâhâ *terjemahan bebas*. *Terjemahan teks* wontên ing panalitèn mênikâ katindakakên kanthi cârâ ngéwahi basaning *teks* utawi bâsâ *sumber*, inggih mênikâ bâsâ Jawi dhatêng bâsâ *sasaran*-ipun, inggih bâsâ Indonesia. Wondéné têmbung-têmbung ingkang botên sagêd dipun-*terjemah*-akên kaandharakên wontên cathêtan *terjemahan*.

6. Isining Teks Sêrat Kâlâmangsâ

Panalitèn mênikâ ngandharakên isining *teks Sêrat Kâlâmangsâ*. Isining *teks Sêrat Kâlâmangsâ* inggih mênikâ bab piwulang gêsang. Jinising piwulang gêsang ingkang dipunandharakên ing salêbêting *teks Sêrat Kâlâmangsâ* wontên sakawan inggih mênikâ piwulang paugêran gêsang, paréntah maguru, paédah ngèlmi, sâhâ sangkan paraning dumadi.

KAPUSTAKAN

- Baroroh-Baried, Siti. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Darminto, dkk. 2010. *Bausastra Jawa Kamus Jawa Besar*. Surakarta: Kharisma.

- Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco.
- Ikram, Achadiati. 1981. *Perlunya Memelihara Sastra Lama: Analisis Kebudayaan, No. 3 Tahun 1*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia (Teori dan Metode)*. Jakarta: Kharisma Putra Utama
- Kaelan, M.S. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Mulyani, Hesti. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkāra Media.
- Poerwadarminta. W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.
- Robson, Stuart. 1994. *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia*. RUL: Jakarta.
- Sudrajat, Ajad, dkk. 2013. *Din Al-Islam*. Yogyakarta: UNY Press.
- Suryani, Elis. 2011. *Filologi*. Bandung : Ghalia Indonesia Anggota IKAPI.